# «ЕР ШОРА» ДӘСТАНЫНДА АТ ОБРАЗЫ

**Низаматдинов Ж.М.**
Қарақалпақ мәмлекетлик университети

**РЕЗЮМЕ**

Мақалада халық дәстанларында қолланылатуғын көркем сүўретлеўдиң мазмун ҳәм формадағы әҳмийети анализленеди.

**Таяныш сөзлер:** «ЕрШора», «Алпамыс», «Қоблан», образ.

**SUMMARY**

The article analyzes the meaning and form of artistic images used in folk epics.

**Key words:** "YerShora", "Alpamys", "Koblan", character.

Қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстанларында баслы қаҳарманның өз елин халқын сыртқы жаўлардан қорғаўда оның минетуғын атына айрықша орын бериледи. Батырдың аты жүйрик, тулпар, ақыллы, жақын дос, жолдас болып сүўретленеди. Басқа атлардан өзиниң түри бойынша өзгеше болып көринеди. Бундай сүўретлеўлерди, биз «Ер Шора» дәстанынан да анық көремиз.

Дәстанда Нәрикбай көп жылқыларының ишинен таңлап Шубар тайды өзиниң жалғыз баласы Шораға еншиге атайды. Усы тайды елиниң бийи Әлибий алмақшы болып жасаўыл жибергенинде: Нәрикбай шубар тайдың орнына он тай сораса да берейин, бирақ шубарды «бере алмайман» - дейди. Жыраў бул ўақыя арқалы шубар тайды жүйрик тулпар, ақыллы, батырға жақын дос, жолдас етип сүўретлейди. Екинши тәрепинен, усы ат арқалы конфликт жасалады.

«Алпамыс», «Қоблан» дәстанларында батырдың минетуғын аты усындай жүйрик, тулпар, жақын дос болып сүўретленеди. «Алпамыс» дәстанында байшубарды Култай баба Алпамысқа көрсетеди. Алпамыстың өзи оның тулпарлығын биледи. Ол байшубардың қуйрығынан тутып алғанда, ат батырға күш бермей топарына қосылып кетеди. Усыннан байшубардың мойнына қурық салып услатып минеди. «Қоблан» дәстанындағы батырдың торыша аты да сияғы өзгеше, теги суў тулпардан болған кәраматлы тулпардың бири болады. Бунда Қобланның зайыбы Куртқа, көп жылқының ишинен тулпар туўатуғын Кербийени танып алады. Кербийениң қулыны - Торыша атты Куртқаның өзи тәрбиялап бағады. Мине, дәстанлардағы батырдың минетуғын аты ҳәр бир сүўретлениўлерде өзгеше болғаны менен бул көринистиң барлығында аттың жүйрик, тулпар, жақын дос екенлиги байқалады. Соның менен бирге дәстанларда

аттың образына, оның хызметине байланыслы сулыў, көркем қатарлар бериледи. Мине бунда да аттың қәсийетлилиги, тулпарлығы сүўретленеди. «Ер Шора» дәстанындағы шубар аттың басқа атлардан өзгешелиги дәстанда Көзмәмбеттиң таңланып айтқан сөзинде былай тәрийипленеди:

«Бәрәкәлла жәниўар,
Ер Шора минген ойшубар,
Рүстем минген Рахыштан,
Аталас бекен жәниўар,
Әлий минген Дүлдүлге,
Аналас бекен жәниўар.
Атасы шығар суў тулпар,
Анасы шығар жел бийе.
Буныңдай атты мингенниң,
Жүректе әрманы қаларма,
Қәҳәрленип ушқанда,
Бармаған шәҳәри боларма». [2.61].

Ер Шора Қазан қаласына атланып баратырғанда атының жүйриклиги алысты жақын етип оған жәрдем етеди. Тийкарында бундай сүўретлеўлер «жыраўлар тәрепинен образға бийпәрўа пайдаланыла бермейди, ол көркем сүўретлеўдиң баҳалы қуралы бола отырып оларды ашып береди»[1.194]. Сондағы атының жүйриклиги дәстанда былай сүўретленеди.

«Шүў жәниўар шүў - деди.
Астындағы ойшубар,
Тулпар туўған жәниўар,
«Шүў» дегенде гүўледи,
Толқысып аққан дәрьядай». [2.27].

Дәстандағы усындай сүўретлеўлерден кейин аттың батырға хызмет етиўи, оның менен теңдей қыйыншылықларды басынан өткериўи бериледи.

«Алпамыс» дәстанындағы байшубар Алпамыс батырдың узағын жақын етип, сондай-ақ бәйгиден де озып келип батырдың сүйген ярын алыўға жәрдем етеди. Батырды зинданнан Байшубар аттың жәрдеми менен шығарады.

«Қоблан» дәстанында да Қобланның Торыша аты батырдың ең жақын жолдасы болып, батырға хызмет етеди. Бунда да Торыша ат бәйгиде барлық атлардан биринши болып озып келеди. Қоблан менен Көбикли гүресип атырғанында Торыша ат ийесине жәрдем етип, Көбиклиниң қолын тислейди, қос сәдделеп дәўдиң төбесине тебеди. Соннан кейин, Қараманның елине барып Қобланның жаў қолында қалғанлығын айтып хабар береди.

Жыраў Ер шораның қаҳарманлығын сүўретлеўде, ойшубар атының да жаўынгерлик хызметин көрсетип отырады. Мысалы: Қара көсениң Ер Шораны алдап Қазандағы Көзмәмбеттиң алдына апармақшы болып келгенлигин батыр билип:

«Шүў» деп атқа қамшы басты,
Ғәррек дейин аўзын ашты.
«Шүў» деп қамшы басқан ўақта,
Қәдимги қара көсениң,
Жигитлерине араласты. [2.43].

Ер Шора қуўса жететуғын, қашса қутылатуғын ойшубардың жүйриклигинен пайдаланып, душпанларының изинен қуўып жетип барып гелле қылады.

Қазан қаласын жаўлап алған Полатхан Ер Шораға үш жүз атлы ләшкер жиберип, темир қурсаў менен байлап әкелиўди буйырғанда, Дағыстанды отлап жүрген жәниўар Ойшубар ат душпанның келген дыбысын еситип, батырдың уйықлап атырған шатырына барады. Шатырдың ишине кирип дизесин бүгип, гүлтиреп киснейди. Ер Шораның ийнинен тислеп, силкип жоқары көтереди: - мине, не деген Ойшубар аттағы ақыллылық. Ол адамдай бәрин биледи, түсинеди. Достын жаўыз душпанның қолына түсиргиси келмейди. Достының келешектеги мақсетли исиниң орынланыўына жәрдем ете алмай Көзмәмбеттиң көзи тийип өлип кететуғынлығына қыйналады. Душпанның көзи өткен ўақытта Ойшубар ат түйедей болып шөгип, көзиниң жасын төгеди.

Жыраўлар Ер Шораның екинши минген Шубар атын да батырға сай, оның душпан үстинен жеңиске ерисе бериўге ҳәр тәреплеме жәрдем ететуғын жүйрик, тулпар, ақыллы, дос, жолдас етип сүўретлейди. Шора минген еки атта атасы суў тулпар менен анасы жел бийеден болған тухымлас етип көрсетиледи.

Ер Шораның екинши минген шубар атын бир киси емес, қырық киси бағады. Өйткени, ол алдынан барсаң тислейди. Артынан барсаң тебеди. Қапталынан барсаң қарпыйды. Жабыўын алмаға барған адамлар бала-шағасы менен ырзаласып баратуғын болады. Усындай минездеги атты патшаның жигитлери Ер шораға беретуғын болғанда:

«Сынамаға шубарды,
Айбы қәддем ат еди,
Ноқталарын сыйырып,
Ол босатып жиберди,
Батыр жигит Ер Шора
Аттан күйген бийшара,
«Қайда, қайда шубар», -деп,

Дөгерекке жуўырды.
Шораның даўысын еситип,
Гүркирей берип киснейди.
Аттың даўысын еситип,
Қуррыўлайды Ер Шора.
Шораның даўысын еситип,
Қулақларын жапырып,
Шубар келди жақынлап,
Буны көрген жигитлер,
Тамашаға қарады.
Тислейди деген шубар ат,
Байдың жалғыз улындай,
Еркелейди Шораға». [2.71].

Бунда тислейди деген шубар ат не ушын Ер Шораны тислемейди? Қайта ол таныйтуғын адамдай оқыранып сөйленип батырдың қасына жақынлайды. Ҳақыйқат дос адамды жаңа таптым дегендей өзинен өзи еркелеп қуўанғанлығын билдиреди. Батыр атты ертлейжақ болғанында баўырын жазып, арқасын тақап, төрт аяғын төрт жерге қазық етип қозғалмай турады. Буннан биз қандай жуўмақ шығарыўымызға болады? Буннан шубар ат алланың кәраматы менен пайда болған суў тулпар менен кер бийениң тухымынан дөреген қәсийетли ат, және ақыллы, жүйрик, тулпар, ҳасыл екенлигин билемиз. Ат арқалы усы идеяны бериўде, сондай-ақ ат образын ашыўда, жыраўдың шеберлигин де көриўимизге болады.

Ер Шораның душпаны Тиллахан менен болған урысында шубар аттың ақыллылық пенен достына ислеген жәрдеми дәстанда былай сүўретленеди.

Душпанға жақын келгенде,
Аспанға қарап ырғады.
Тиллаханға келгенде,
Атлар төмен сырқыды.
Аяғын тиреп зәңгиге,
Қоллайгөр Ильяс бабам деп,
Пирим деп қылыш тартады.
Астындағы Ойшубар,
Мәрттиң кеўлин табады. [2.98].

Ер Шораның биринши аты Ойшубар Көзмәмбеттиң көзи тийгеннен кейин ийегин үш рет қағып өледи. Сонда ол қатты қыйналып, атын былай деп жоқлап жылайды.

«Басын қойды дизине,
Жоқлап жылай береди.
Шубар аттың өзини,
Шаппай желмей майрылдым,
Қанатымнан қайрылдым.
Жолдасым един шубарым,
Шубарым сеннен айрылдым». [2.62].

Атынан айырылған Ер Шора «Ат басына күн туўып, аўызлық пенен сүў ишип, ер басына күн туўып, етиги менен суў кешип, жалғыз ерге күн туўып, жаў жарағын арқалап» жалғыз бир өзим қалдым, душпан менен урысыўда, ендиги жағында мениң илажым қандай болар екен деп қыйналады.

Дәстанда баслы қаҳарман душпанын жеңиўде аттың баслы орын атқарғанлығы көзге түседи. Улыўма халық турмысында атлар күш-көлик есабында пайдаланылады. «Аттың басы қуран деп, ат маңлайын сыпырды» деген қатарлар да дәстанда әпиўайы айтылмаған. Жыраў аттың адамға болған дослығын, оның жүйриклигин, қәдир-қымбатын халық көзқарасында жүдә көркем етип сүўретлейди.

## Әдебиятлар

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. "Фан" баспасы. Ташкент. 1965.

2. Ер Шора. Халық дәстаны. Нөкис. "Қарақалпақстан". 1995.